

## Koutje sou woman *Bèbè Gòlgota*



Foto souvni Akademisyen Pierre Michel CHERY

Mouvement Littéraire Culturel et Artistique des Jeunes (MOLICAJ), yon asosyasyon k ap travay nan vil Tigwav, remèt 15 janvyè 2020 nan lokal AKA, yon plak bay Akademisyen Pierre Michel CHERY pou woman *Bèbè Gòlgota*. Woman sa a ki deja resevwa plizyè pri, toujou jwenn bon temwanyaj pifò lektè li yo.

Se nan ane 2008, Pierre Michel CHÉRY pibliye dezyèm liv li, *Bèbè Gòlgota*, nan Koleksyon Souf Nouvo, Edisyon **Presses Nationales d'Haïti**. Nan mwa avril 2013, sou demann piblik la, womansye a soti yon dezyèm edisyon.

*Bèbè Gòlgota*, se yon liv ki montre aklè tribilasyon ak lanfè anpil Ayisyen viv nan vwayaj kanntè, nan fann lanmè pou y al chache lavi miyò Etazini. Nivo pwezi ak bèlte liv la fè li jwenn yon atansyon espesyal nan men lektè yo, sitou etidyan nan Inivèsite yo. Men, se pa sa n ap gade nan liv la jodi a. Nou pi enterese bay yon apèsi ki pou ede sosyete a konnen istwa a epi ki pou fè lektè yo konprann mesaj otè a fè pase nan liv la.

Pèsonaj prensipal woman an, Bèbè, se yon Ayisyen ki deside pran lanmè yon twazyèm fwa pou li wè si l va rive nan peyi Etazini. Bèbè blije pran kanntè, li pa gen papye ki pou otorize l rantre kay Tonton Sam. Men, demare vwayaj la pa fasil. Gen yon anpechman. Fòk yo jwenn benediksyon Mèt Agwe anvan kanntè a pran lanmè. Maren ak responsab vwayaj la deside poze pasaje yo kesyon pou konnen si gen yonn nan yo ki annafè ak djab ki fè yo pa ka ale . Pami pasaje yo, gen yon pèsonaj ki pa janm rache yon mo. Boutofen, pasaje yo mete yo dakò sou sa: mouche sa a se yon bèbè. Finalman, bato a rive leve lank. Nan mitan lanmè, lapli kòmanse tonbe. Maren an konnen se Mèt Agwe, yon lespri Vodou, ki fache. Fòk yo sakrifye yon moun sou kont Agwe pou yo tout pa peri nan fon lanmè. Gen twòp moun nan ti bato a. Yon sibreka mete men sou yon timoun ki rele Janèt pou lage l nan lanmè, men Bèbè ponyen bra sibreka a l anpeche sa fèt. Kòm Bèbè te gen gwo pekto, gwo lestomak, maren yo fè bak... Istwa a pral kontinye sou lavi Bèbè ak Janèt pandan l ap trete lavi, kilti, kriz idantite ak rèv Ayisyen sou chimen devlopman li.

Nou envite tout lektè al li bèl liv sa a. Se istwa anpil Ayisyen k ap resevwa brimad ak pataswèl anba lavichè ak dezespwa nan peyi Ayiti.

@ **Kominikasyon AKA**